

**Pake Enfòmasyon**  
**Miscela, Assembly Row**  
485 Foley Street, Somerville  
(Lwaye Apatman)

Majistra Joseph A. Curtane ansanm ak Federal Realty Investment  
Trust pran plezi pou anonse yon Lotri sou Pwopriyete kay ki Baze  
sou Restriksyon Salè

Pake sa a genyen enfòmasyon espesifik sou pwosesis aplikasyon pou apatman yo ofri nan Miscela sou baz Restriksyon Salè atravè Odonans Dekoupaj Enklizif Sommerville la. Divizyon Lojman Biwo Planifikasyon Estratejik ak Devlopman Kominotè (Office of Strategic Planning and Community Development, OSPCD) ak Miscela ap envite w li enfòmasyon sa a epi soumèt yon aplikasyon. **Tanpri kenbe pake sa a jiskaske w lwe yon apatman puiske li pral sèvi w yon gid itil atravè tout pwosesis la. Premye apatman an pral lib pou moun antre ladann an janvyè 2022.**

**APLIKASYON YO DWE SOU MÈT (SE PA DAT LA KI POU SOU YO) RIVE 2:00 PM 29 sept. 2021.**

Ou gendwa soumèt aplikasyon yo nan fason sa yo:

RANPLI AK SOUMÈT APLIKASYON SOU ENTÈNÈT LA LA A:

<https://form.jotform.com/210403447754048>

SEB Housing

Re: Miscela

Office

257 Hillside Ave

Needham, MA 02494

OSWA

Eskane/Imèl: [info@sebhousing.com](mailto:info@sebhousing.com)

OSWA

bwat postal Somerville ki twouve li

Montaje Apartments Leasing

449 Canal St, Somerville

len-dim 8è am to 10è pm

Livre aplikasyon an nan bwat Montaj la

YO P AP egzamine yo avan dat limit la

OSWA Faks: 617- 782-4500

Pou Enfòmasyon sou Apatman ki Baze sou Restriksyon Salè rele (617) 782- 6900. Premye Sesyon Enfòmasyon an ap fèt 30 out 2021 at 6è pm sou YouTube nan <https://youtu.be/Sf3lsNw16go> epi dezyèm Sesyon Enfòmasyon an ap fèt 7 Septanm 2021 a 6è pm sou YouTube nan [https://youtu.be/KeE07glyv\\_M](https://youtu.be/KeE07glyv_M) (oswa jis chache SEB Housing on YouTube, l ap kontinye rete disponib apre anrejistreman an dirèk la) ak pa Apèl Konferans: (425)436-6200 Kòd: 862627.

Pou TTY Konpoze 711 Sa ki kreye Pake Enfòmasyon an se SEB LLC



## Sa ki nan Dokiman sa a

|  |        |
|--|--------|
| Apèsi Jeneral ak Lwaye.....                        | pj. 3  |
| Salè (Maksimòm ak Minimòm).....                    | pj. 4  |
| Egzijans Kalifikasyon.....                         | pj. 5  |
| Aktif ak Limit Aktif.....                          | pj. 7  |
| Egzijans Gwosè Fwaye.....                          | pj. 9  |
| Enfòmasyon Preferans.....                          | pj. 10 |
| Pwosesis Etap pa Etap ak Kalandriye.....           | pg. 11 |
| Etap 1a: Aplikasyon pou Lotri a.....               | pj. 12 |
| Etap 1b: Latri a.....                              | pj. 12 |
| Etap 1c: Lis Atant Ak Rezilta Lotri a.....         | pj. 13 |
| Etap 2: Pwogram Sètifikasyon .....                 | pj. 14 |
| Etap 3: Klasman Pa Biwo Lwaye ak Chwa Apatman..... | pj. 15 |
| Kalifikasyon Pa Ane ak Revizyon Lwaye.....         | pg. 16 |
| Enfòmasyon Apatman Aksesib pou Andikape.....       | pj. 18 |
| Dat Enpòtan.....                                   | pj. 20 |

## APÈSI JENERAL AK LWAYE

Miscela se yon konplèks apatman 500 inite ki twouve li nan 485 Foley Street nan Assembly Row nan Somerville. Yo pral lwe 16 nan apatman sa yo ak fwaye ki genyen salè ki pi piti pase 50% Zòn Salè Medyàn (Area Median Income, AMI) epi y ap lwe 15 apatman diferan ak fwaye ki genyen salè yo ki twouve l oswa pi piti 80% AMI. Tanpri sonje ke menm lè pwojè sa a te parèt apre òdonans 2026 la te fin efektif, Miscela te resevwa yon egzonerasyon ki se rezon yon total 31 mil inite abòdab (men pa yon chif ki pi wo). Lotri a pral etabli Lis Atant k ap fèt 19 okt. 2021 jan sa detaye nan paj ki annapre yo. Rezidans yo pral genyen aparèy GE ak asye inoksidab, Kontwa ki fèt ak Katz, pake finisyon modèn, machin a lave ak sechwa ki nan apatman an ak pwopriyete a k ap genyen akomodasyon ki annapre yo: Sky Lounge, teras an plennè ak pisin ak estasyon griyad, jimnazyòm, sal esoraj, ak de espas piblik. Ou ka gen bèt domestik nan tout apatman yo epi yo 100% espas moun pa fimen. **Pa genyen espas paking ki vini ak apatman 50% ak 80% AMI yo men w ka lwe espas paking pou yon frè redui \$75/mwa.**

| Kalite Inite                     | Aksesibilite pou Andikape (DA) ak Moun ki Soud (Hearing-Impaired, HI) | Minimòm Salè Brit pa An | Minimòm Gwosè Fwaye a | Gwosè Apwoks. (gendwa chanje) | Kantite twalèt | Kantite Apatman | Lwaye pa Mwa(li pa gen ladann sèvis piblik ak paking) |
|----------------------------------|---|-------------------------|-----------------------|-------------------------------|----------------|-----------------|---|
| <b>Sèz (16) Apatman 50% AMI</b>  |   |                         |                       |                               |                |                 |   |
| Estidyo                          | 1 DA+HI   | 28 200\$*               | 1                     | 482-580 pye kare              | 1              | 3               | 1 002\$-1 021\$                                       |
| 1 BR                             | 1 DA+HI   | 30 192\$*               | 1                     | 581-1 098 pye kare            | 1              | 9               | 1 034\$-1 054\$                                       |
| 2BR                              | N/D   | 36 420\$*               | 2                     | 1 119-1 205 pye kare          | 2              | 3               | 1 223\$-1 245\$                                       |
| 4BR                              | N/D   | 46 704\$*               | 4                     | 1 570 pye kare                | 2              | 1               | 1 528 \$  |
| <b>Kenz (15) Apatman 80% AMI</b> |   |                         |                       |                               |                |                 |   |
| Estidyo                          | N/D   | 47 001 \$               | 1                     | 453-540 pye kare              | 1              | 2               | 1 336\$-1 355\$                                       |
| 1 BR                             | N/D   | 47 001 \$               | 1                     | 594-701 pye kare              | 1              | 7               | 1 394\$-1 414\$                                       |
| 2BR                              | 1 DA+HI   | 53 701 \$               | 2                     | 829-1 318 pye kare            | 1- 2.5         | 5               | 1 656\$-1 678\$                                       |
| 3BR                              | N/D   | 60 401 \$               | 3                     | 1 287 pye kare                | 2              | 1               | 1 879\$-1 905\$                                       |

Lokatè yo responsab pou peye tout montan lwaye a chak mwa. Lwaye yo fèt sou baz salè kandida yo (amwenske yo genyen yon kupon Seksyon 8 oswa yon bagay similè). Lokatè yo responsab pou peye tout gaz, elektrisite, dlo ak egou yo. **Pa genyen espas paking nan lwaye a e chak espas paking disponib pou yon tarif redui \$75/mwa.** Lwaye a fikse pa an ak pwogram HUD HOME epi li gendwa chanje sou baz chak ane. Lwaye varye selon bilding apatman an ladann nan (Wood Frame oswa Tower).

*\*\*Tanpri sonje 80% minimòm AMI ki parèt yo baze sou ekivalan gwosè yon fwaye ak kantite chann a kouche nan apatman yo chwazi a. Si w genyen plis moun nan fwaye w parapò ak chann a kouche nan apatman ke w te chwazi a(yo), tanpri gade tablo MAKSIMÒM Salè Brit Anyèl – salè minimòm pou 80% apatman AMI se 50% AMI maksimòm pou gwosè fwaye w la. Pa egzanzp yon fwaye de moun kalifye pou yon apatman Estidyo 80% AMI gen yon limit salè \$51200.*

| <b>Limit Salè Brit MAKSIMÒM Anyèl</b> |                                 |                              |
|---------------------------------------|---------------------------------|------------------------------|
| Kantite moun ki nan fwaye w           | Pou inite ke yo fikse a 50% AMI | Pou inite ki fikse a 80% AMI |
| 1                                     | 47 000 \$                       | 47 001\$-70 750\$            |
| 2                                     | 53 700 \$                       | 53 701\$-80 850\$            |
| 3                                     | 60 400 \$                       | 60 401\$-90 950\$            |
| 4                                     | 67 100 \$                       | 67 101\$-101 050\$           |
| 5                                     | 72 500 \$                       | 72 501\$-109 150\$           |
| 6                                     | 77 850 \$                       | 77 851\$-117 250\$           |
| 7                                     | 83 250 \$                       | 83 251\$-125 350\$           |
| 8                                     | 88 600 \$                       | 88 601\$-133 400\$           |

| <b>MINIMÒM Salè Brit pa An</b> |                 |                                 |                                 |
|--------------------------------|-----------------|---------------------------------|---------------------------------|
| Kalite Inite                   | Kant. min. moun | Pou inite ke yo fikse a 50% AMI | Pou inite ke yo fikse a 80% AMI |
| <b>Estidyo</b>                 | 1               | 28 200 \$                       | 47 001 \$                       |
| <b>1 BR</b>                    | 1               | 30 192 \$                       | 44 701 \$                       |
| <b>2 BR</b>                    | 2               | 36 240 \$                       | 53 701 \$                       |
| <b>3 BR</b>                    | 3               | Pa gen inite                    | 60 401 \$                       |
| <b>4 BR</b>                    | 4               | 46 704 \$                       | Pa gen inite                    |

Miscela pa fè diskriminasyon nan seleksyon kandida yo sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, zansèt, timoun, estati fanmi, enfòmasyon jenetik, eta sivil, resepsyon asistans piblik, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks, estati veteran/militè, oswa nenpòt lòt baz lalwa entèdi. Moun ki andikape gen dwa mande yon akomodasyon rezonab sou baz règ, reglemantasyon, pratik, oswa sèvis, oswaw pou mande yon modifikasyon rezonab, lè akomodasyon oswa modifikasyon sa yo gendwa nesèsè pou ofri moun ki gen andikap yo yon opòtinite egal pou itilize ak jwi lojman an.

**K: Pandan konbyen tan apatman yo asiye yo ap rete nan Pwogram sa a?**

R: Apre li fin amenaje, lokatè a pral sètifye ak salè l chak ane epi y ap konsidere li kalifye ak salè pou yon apatman 50% oswa 80% toutotan salè brit pa an fwaye a pa depase 140% limit salè aplikab pou gwochè fwaye yo (*gade Kalifikasyon Anyèl ak Revizyon Lwaye pou plis detay*). HUD aktyalize limit salè fwaye yo chak ane. Si lwaye HUD HOME ogmante oswa alokasyon depans piblik diminye, lwaye a pral ogmante. Tanpri konnen ke lwaye inisyal la baze sou lwaye 2021 HUD HOME. HUD mete lwaye yo ajou chak ane pandan ete a epi moun k ap atann resètifikasyon gendwa itilize montan lwaye 2021 oswa 2022, tou depann kalandriye resètifikasyon ak renouvèlman lwaye a.

**K: Ki diferans ki genyen ant 50% ak yon Inite 80%?**

R: Inite ki fini yo se menm bagay ak tarif inite yo ye sou mache a. Sèl diferans se kritè kalifikasyon salè a. Inite ki fikse a 50%AMI genyen limit salè minimòm ak maksimòm pi ba pou rezon sa a tarif lwaye yo pi ba. Inite ki fikse a 80%AMI genyen limit salè minimòm ak maksimòm pi wo pou rezon sa a tarif lwaye yo pi wo.

# EGZIJANS KALIFIKASYON

---

**K: Kiyès ki kalifye pou aplike pou apatman 50% ak 80% nan Miscela?**

R: Pou kalifye pou yon apatman sou baz 50% 80%, fwaye yo dwe reponn ak kondisyon ki annapre yo:

1. Yo dwe genyen salè ak aktif ki kalifye nan paramèt ki souliye nan seksyon sa a (ak tablo nan paj anvan yo).
2. Fwaye yo dwe genyen omwen yon moun pa chanm a kouche\*. (Pa egzanp, yon fwaye yon moun pa ka aplike pou yon inite 2 chanm a kouche.)
3. Fwaye yo pa ka genyen plis pase \$250 000 total aktif (retrèt, kolèj ak kont ekonomi sante PA konte kòm limit aktif; sepandan, enterè sou kont retrèt konte kòm salè).
4. Fwaye yo pa ka posede kay nan Pwogram Sètifikasyon (donk si yon manm fwaye posede aktyèlman yon kay oswa sou Ak oswa Ipotèk pou yon kay, li dwe vann anvan Sètifikasyon Salè a ak anmenaje).
5. Manm fwaye ki pa marye epi ki pa fanmi k ap aplike ansanm pral bezwen bay verifikasyon ke y ap viv aktyèlman ansanm nan moman Sètifikasyon Pwogram nan. Fwaye ki pa marye ki pa genyen istorik y ap viv ansanm pa kalifye.
6. Tout chèf fwaye pa ka etidyan a plen tan (li gen ladann etidyan Doktora). Yon etidyan a tan plen kalifye sèlman si yo se chèf fwaye asosye ak yon moun ki PA yon etidyan a tan plen epi y ap viv ansanm avèk li aktyèlman epi yo pral viv nan Miscela.

*\*Fwaye ki genyen bezwen medikal dokimante pou apatman ki genyen plis chanm a kouche pase manm fwaye a gendwa kalifye pou inite sa yo. Yo dwe prezante verifikasyon bezwen yo nan moman sètifikasyon an.*

Y ap bay preferans ak fwaye ki sou Lis Atant Administrasyon Lojman Sommerville (SHA) pou Seksyon 8 ki baze sou pwojè ak/oswa Seksyon Santralize Seksyon 8 Lis Atant, fwaye ki se aktyèlman rezidan Somerville ak moun ki aktyèlman ap travay a plen tan nan Somerville ("plen tan" defini tankou yon mwayèn 32 èdetan pa semèn, gade Preferans Lokal nan paj. 10). Anplis de sa, genyen kèk nan inite yo k ap aksesib pou andikape. Tout fwaye gendwa aplike pou inite ki aksesib pou andikape men fwaye ki genyen bezwen dokimante inite aksesib ap genyen premye priyorite. Pou kesyon sou priyorite parapò ak bezwen yon inite aksesib pou andikape, tanpri gade "Enfòmasyon Inite Aksesib pou Andikape".

**K: Kisa egzijans kalifikasyon salè yo ye?**

R: Tablo Maksimòm salè nan paj. 3 ak tablo salè Minimòm nan paj. 3 montre **vantilasyon tout restriksyon pou inite sou baz salè nan Miscela, ansanm ak egzijans kalifikasyon salè pou chak tip inite ak gwosè fwaye**. Biwo Lwaye a gendwa refize yon aplikasyon lwaye si pa genyen ase salè piske lwaye yo etabli pou abòdab pou yon nivo salè espesifik. Pou apatman ki disponib pou fwaye ki genyen salè ki egal oswa pi piti ak 50% AMI y ap etabli yon minimòm salè pou asire ke fwaye a genyen ase salè pou peye lwaye ak sèvis piblik. Rapò obligatwa lwaye ak salè se 50% (sa vle di revni kandida a dwe anviwon 2 fwa lwaye pa mwa a). Yo egzonere egzijans salè minimòm pou kandida ki genyen yon sibvansyon (tankou Seksyon 8 MRVP VASH elatriye.). Tanpri gade "Revizyon Biwo Lwaye" nan pwosesis etap pa etap la pou plis detay. **Si yon fwaye ak yon kupon Seksyon 8 pa klè sou valè kupon an yo ta dwe kontakte administrasyon lojman ki ba yo li a.**

**K: Èske mwen oblije yon rezidan Vil Somerville pou m aplike?**

R: Non. Tout fwaye ki reponn ak egzijans direktiv ki espesifye pi wo yo gendwa aplike pou yon apatman Restriksyon Salè. Kandida ki reponn ak kondisyon egzijans Preferans yo epi ki bay verifikasyon ajou ap gen opòtinite lwe apatman 50% ak 80% AMI avan akòz gwo pozisyon yo sou Lis Atant lan. Pou plis enfòmasyon sou Preferans, tanpri ale nan paj 10.

**K: Èske mwen ka aplike pou ni apatman 50% ak 80% AMI a?**

R: Non, yon fwaye kapab sèlman kalifye pou yon apatman 50% AMI oswa yon apatman 80% AMI. Si yon fwaye genyen revni ki pi ba pase 50% AMI, li pa kalifye pou yon apatman 80% AMI menm lè li genyen yon kupon oswa sibvansyon oswa ase aktif pou konble defisi revni pou reponn ak kritè minimòm salè a.

**K: Kòman yo kalkile salè fwaye a?**

R: Salè yon fwaye se total lajan ke TOUT manb fwaye a swete resevwa nan pwochen 12 mwa yo (ki kòmanse apati dat aplikasyon pou ale nan yon pwojeksyon 12 mwa) sou baz salè ak aktif aktyèl yo.) Nan yon efò pou fè yon estimasyon salè ki kòrèk nan nivo ke sa posib, Ajan Lotri a pral revize done istorik salè a pou li bay yon baz pou estimasyon salè ki gen pou vini yo. Nenpòt lajan ke w swete resevwa nan pwochen 12 mwa yo (sa ki genyen ladann ogmantasyon ak bonis ou espere) pral konte antanke salè epi yo pral analize lajan ke w te resevwa nan 3 mwa avan yo pou fè pwojeksyon salè w pi devan. Sa genyen ladann, men li pa limite ak, Sekirite Sosyal, pansyon alimantè, sipò pou timoun, peman lè sipleman, bonis, chomaj, frè revokasyon, travay tan pasyèl, obligasyon ki gen matirite, lajan ke w pral resevwa nan antant tribinal, yon enterè reyèl oswa ke yo ba ou ak dividand sou kont bank epi lòt aktif. Yo konte tout sous salè eksepte salè travay pou manb fwaye ki genyen pi piti pase 18 an ak nenpòt salè ki plis pase \$480/ane pou etidyan tan plen ki se depandan epi bay verifikasyon kondisyon etidyan tan plen pou lekòl yo (men tanpri sonje ke yo dwe dokimante tout salè yo menm lè li pa nan kalkil total salè fwaye a).

Nou pral sipoze ke tout kandida yo pral kontinye resevwa nenpòt lajan ke yo te resevwa pandan dènye 12 mwa yo sof si yo gen dokiman ki pwouve ke se pa sa. Epitou sa pa depann de fwaye a pou detèmine ki lajan yo te resevwa pandan ane ki sot pase a ke yo ta dwe kalkile oswa pa kalkile nan salè fwaye a. Nan ka sa a yo ta dwe site tout lajan sou aplikasyon an epi lefèt ke yo mete lajan sa yo pral detèmine kalifikasyon yon fwaye sou baz direktiv Restriksyon Salè yo. Anplis yo ta dwe konsidere koup ki marye legalman antanke manb fwaye a, menm lè yo separe sof si kandida a bay yon kopi yon akò separasyon ki totalman egzekite AK kontra lokasyon/atestasyon ki pwouve ke tou de pati yo ap viv nan adrès diferan.

## Limit Aktif

Total aktif tout manb yon fwaye pa ta dwe depase \$250,000 epi sa pa genyen ladan Kont Retrèt ansanm ak plan ekonomi kolèj ak sante.

### Aktif ki fè Pati Sètifikasyon Salè a

Salè ke aktif jenere konte nan limit salè a. Si aktif yo fè yon total \$5,000 oswa plis, pi wo nivo salè ki antre apati yon aktif, oswa salè atribye se 0.06% tout aktif yo, yo pral konte kòm salè. Sinon pou aktif ki pi piti pase \$5,000 sèlman salè reyèl ap konte. Yo kalkile Aktif fwaye yo nan moman aplikasyon an. Aktif yo gendwa genyen men pa limite ak kach, kach nan kont epay ak chèk, lajan dijital, aplikasyon kach (Venmo, Paypal, Cash App, elatriye) valè nèt estòk, obligasyon, ak investisman kapital. Alòske kont retrèt yo pa konte nan limit aktif la, yo dwe rapòte valè total retrèt yo piske pwogram nan pral konte 70% montan total la epi atribye 0.06% salè nan montan sa a.

*Egzanp: Yon fwaye genyen \$10,000 nan yon kont epay k ap rantrè 1% ak \$100,000 nan yon kont retrèt ki p ap itilize aktivman/ Pwogram nan pral konte sèlman 70% nan kont retrèt la (\$70,000)/*

*Total aktif pou limit aktif sa a se: \$10,000 (piske kont retrèt yo pa konte nan limit aktif la.)*

*Total aktif yo pou salè atribye se:  $10\,000\$ + 70\,000\$ = 80\,000\$$*

*Revni Reyèl ki nan aktif la se:  $\$100 + \$0 = \$100$  (A)*

*Salè yo atribye a 0.06% se:  $0.06\% \text{ pa } \$80,000 = \$48.00$  (B)*

*Pou fwaye sa a, y ap ajoute \$100 sou revni li ke y ap resewa nan tout sous revni (travay, Sekirite Sosayl, Pansyon Alimantè elatriye.) piske pwogram nan pran pi gwo pati nan salè reyèl (A) nan aktif OSWA salè atribye aktif (B)*

**K: Mwen pa ka retire lajan nan fon 401k oswa retrèt mwen an ; èske mwen dwe site li lè m ap site aktif mwen yo?**

R: Wi. Tanpri sonje ke kont retrèt yo PA konte nan limit aktif \$250,000 sepandan ou dwe kanmenm enkli valè total tout fon retrèt ou yo sou aplikasyon an jan sa mande nan sètifikasyon salè a. Sètifikasyon salè a genyen ladann enterè ke w rantrè sou tout aktif ou yo. Sa se paske yo retire 30% sou valè total kont retrèt ou a, epi yo gade rès 70% antanke valè kach aktyèl la, ke yo multipliyè ansuit to livrè aktyèl la ki se 0.06%. Montan rezilta pral konte antanke salè enterè sou kont sa a pou rezon kalifikasyon salè.

**K: Si mwen pa ka kalifye pou yon Lwaye sou baz pwòp salè oswa istorik kredi m, èske yon moun ka siyen avèk mwen pou Kontra Lwaye m nan?**

R: Non. Se sèlman moun ki pral viv nan apatman an ki ka siyen kontra lokasyon an. Fwaye k ap aplike yo dwe ranpli kondisyon kalifikasyon salè a poukont yo. Si yon moun andeyò fwaye a pral peye lwaye a, montan yo pral peye a dwe site kòm "Peman Peryodik" sou Tablo Salè a nan Aplikasyon Pwogram nan. Y ap konte peman sa yo kòm salè fwaye a.

**K: Èske yon etidyan a plen tan aplike pou yon inite 50% oswa 80% AMI?**

R: Tout chèf fwaye pa ka etidyan tan plen epi kalifye pou lotri a. Donk si yon fwaye yon sèl moun se yon etidyan - tan plen li pa kalifye. Si tou de moun yo nan yon fwaye de moun se de etidyan - tan plen, yo pa kalifye. Yon etidyan a tan plen kalifye pou yon apatman ki baze sou restriksyon salè sèlman si yo se chèf fwaye asosye ak yon moun ki PA yon etidyan a tan plen. Pa genyen entèdiksyon pou etidyan tan pasyèl. Kondisyon etidyan tan plen ki genyen ldann moun k ap fè Doktora epi ke biwo enskripsyon lekòl la defini. Chèf fwaye a defini antanke nenpòt moun ki genyen plis pase 18 lane ke yo pa site kòm depandan sou taks yon lòt moun k ap viv nan inite a. Verifikasyon kondisyon etidyan dwe soumèt ak Aplikasyon Sètifikasyon an.

**K: Si mwen posede yon kay aktyèlman, èske mwen ka aplike kanmen pou yon inite 50% oswa 80% AMI?**

R: Kandida ki aktyèlman posede pwòp kay yo kalifye pou aplike pou Lotri a, men ankenn manm fwaye pa ka posede pwòp kay yo oswa gen non yo sou yon Ak oswa Ipotèk nan moman Sètifikasyon Pwogram nan. Si yo p at ko vann yon kay nan moman Sètifikasyon Pwogram nan (oswa si kay la fè pati yon antant Divòs/Separasyon epi divòs la poko finalize), fwaye a p ap kalifye e li p ap ka lwe yon apatman ak restriksyon salè.



## EGZIJANS GWOSE FWAYE

---

**K: Kòman yo kalkile gwosè apwopriye fwaye a?**

R: Pwogram nan egzije yon minimòm yon moun pa chanm a kouche.

Pa egzanp: Yon fwaye 1 moun pa kalifye pou apatman 2 Chanm oswa 3 Chanm. Epi fwaye 2 moun pa kalifye pou apatman 3 Chanm.

"Fwaye" vle di tout moun ki gen non yo parèt sou kontra a, epi tou tout moun ki gen entansyon okipe apatman lojman kòm premye rezidans yo. Yo ta dwe konsidere koup ki marye legalman antanke manb fwaye a, menm lè yo separe amwenske si kandida a bay yon kopi yon akò separasyon ki totalman egzekite AK kontra lokasyon/atestasyon ki pwouve ke tou de pati yo ap viv nan adrès diferan. Y ap konsidere minè/depandan fè pati fwaye a si chèf fwaye a genyen oswa dwa gadyen pou 180 jou pa , fizik ane, ke tribinal dokimante.

**K: Eske yon timoun ki poko fèt oswa yon manb fwaye a ki aktyèlman ansent konte nan kad objektif gwosè fwaye ak kalifikasyon salè a?**

R: Sof si timoun ki poko fèt la nan twazyèm trimès nan moman lotri a (ke y ap fè nan dat 19 okt 2021) ke fwaye a gendwa konte yo antanke manm fwaye (donk dat akouchman timoun nan dwe tonbe avan 18 janvyè 2022). Fwaye pa bezwen soumèt prèv gwosès nan aplikasyon lotri men pral bezwen soumèt prèv gwosès ak tèm ak Aplikasyon Sètifikasyon an apre lotri a.

**K: Si m ap travèse yon divòs aktyèlman/separasyon oswa planifye pou mwen divòse / separe, èske mwen ka toujou aplike?**

R: Pou moun ki pa pwopriyete, yo ta dwe konsidere koup ki marye legalman antanke manb fwaye a, menm lè yo separe sof si kandida a bay yon kopi yon akò separasyon ki totalman egzekite AK kontra lokasyon/atestasyon ki pwouve ke tou de pati yo ap viv nan adrès diferan. **Aplikasyon Pwogram** nan pral gide w atravè dokimantasyon ke w pral bezwen bay.

Si w apèn anvizaje divòs oswa separasyon, epi pa gen aksyon legal ki poze ou pa ka aplike antanke sèl chèf fwaye epi yo pral egzamine aplikasyon w lan kòm si konjwen aktyèl ou a pral antre nan apatman sou baz Restriksyon Salè a ansanm avèk ou.

**Pou pwopriyete kay ki nan pwosesis divòs**, ou dwe vann kay la epi divòs la dwe finalize (menm jan w dwe pa sou ak la ankò) avan w anmenaje.

## ENFOMASYON PREFERANS

---

**K: Kòman yo defini preferans yo pou inite 50% ak 80% AMI?**

R: Òdonans enklizyonè a ki te bay devlopman sa a pèmi te etabli yon priyorite pou premye pou fwaye ki sou Lis Atant Somerville Housing Authority (SHA) pou Seksyon 8 ki baze sou pwojè ak/oswa Lis Atant Seksyon Santralize a. Pwochen priyorite a pou fwaye ki swa ap viv nan Somerville oswa ap travay a plen tan nan Somerville (gade annapre a pou detay). Fwaye ki pa reponn ak kondisyon sa yo gendwa toujou aplike epi yo pral genyen yon pozisyon ki pi ba sou Lis Atant lan parapò ak fwaye ki genyen preferans yo. Lis Datant lan ki nan paj 13 montre kòman yo defini preferans sa yo. Tanpri sonje ke menm lè pwojè sa a vin aktive apre òdinans 2016 la vin efikas, Miscela te resevwa yon egzonerasyon. Nan ka sa a, òdonans sa a ki te bay pwojè sa a pèmi genyen yon Lis Atant priyorite SHA.

**K: E si yon fwaye pa kalifye nan ankenn pami Preferans sa yo?**

R: Fwaye kalifye ki pa genyen preferans pral twouve yo nan gwoup lotri san preferans lan, dèyè sa ki genyen preferans yo epi yo pral antre nan lotri a pou gwosè inite yo aplike a. Yo pral resevwa yon pozisyon sou Lis Atant pou inite ki dèyè fwaye ki kalifye pou preferans (gade Lis Atant sou paj 13 pou detay yo).

**K: Èske mwen oblije bay dokimantasyon preferans Somerville ak lotri aplikasyon m nan oswa verifikasyon ke mwen sou Lis Atant Administrasyon Lojman Somerville (SHA) oswa Santralize Seksyon 8 Lis Atant lan?**

R: Non, ou pa oblije. Men tanpri sonje ke fwaye ki make sou aplikasyon lotri yo ke yo sou Lis Atant SHA ak/oswa Lis Atant Santralize Seksyon 8 oswa ap viv/travay a tan plen nan Somerville pral bezwen soumèt dokimantasyon verifikasyon nan moman sètifikasyon salè (ak nan kèlke ka, gendwa gen obligasyon pou soumèt dokiman sipò preferans sa yo avan sètifikasyon salè). **Fwaye ki aplike kòm moun k ap viv/travay a plen tan nan Somerville oswa yon moun ki sou Lis Atant SHA ak/oswa Seksyon 8 Santralize a, men ki pa bay dokimantasyon nesesè lè li dwe fè sa ap tonbe anba nèt nan Lis Atant lan.**

Si w ap viv aktyèlman nan Somerville epi w aplike pou preferans Somerville, apre lotri a ou pral genyen obligasyon pou w soumèt yon kopi fakti ki pi resan w, oswa yon kopi kontra lokasyon aktyèl ou, oswa yon kopi relve bankè w, oswa yon kopi fakti telefòn selilè w, oswa anrejistremant vòt ou. Dokiman an dwe ajou e li dwe genyen non kandida a ak adrès li nan Somerville. Si w ap travay aktyèlman a plen tan nan Somerville epi w aplike pou preferans Somerville, apre lotri a ou pral genyen obligasyon pou w soumèt (A) souch chèk ki pi resan ki montre adrès nan Somerville kote w ap travay fizikman plis pase 32 èdetan pa semèn oswa, si souch chèk ou pa montre detay sa yo, ou dwe soumèt (B) yon deklarasyon siyen travay ou sou yon papye ak antèt konpayi a ki deklare adrès travay la, non konpayi a ak montan pa èdetan mwayèn pa semèn ou koute w nan travay ou nan Somerville. Yon manm fwaye ki nòmalmman ap travay nan Somerville men ki aktyèlman ap travay a distans akòz COVID-19 gendwa kalifye pou preferrans si li bay yon deklarasyon ki genyen ladann adrès Somerville la epi ki verifye lè travay yo. *Yo gendwa pa bay preferans pou fwaye k ap bay espas travay asosye nan kad verifikasyon anplwa nan Somerville.* Fwaye ki nòmalmman ap travay nan Somerville men k ap travay a distans akòz COVID-19 gendwa kalifye pou yon preferans travay.

## PWOSESIS ETAP-PA-ETAP AK KALANDRIYE

---

**K: Kijan pwosesis pou aplikasyon, seleksyon, ak anmenajman mache pou apatman 50% ak 80% AMI nan Miscela?**

R: Pwosesis la se prensipalman yon pwosesis twa etap. Paj ki vini annapre a eksplike chak pa an plis detay.

**Premye etap la** se soumèt yon aplikasyon lotri ranpli rive nan dat limit la epi twouve w kalifye pou yon apatman 50% oswa 80% AMI epi jwenn yon pozisyon sou Lis Atant lan.

**Dezyèm etap la** ranpli Pwogram Sètifikasyon Lojman Enklizyonè (“Sètifikasyon Pwogram”) ak SEB Housing.

Twazyèm etap la se ranpli Aplikasyon Lwaye ak Biwo Lwaye a, rezève yon apatman ak siyen Kontra lwaye an. **Kandida yo PA TA DWE bay pwopriyetè kay yo avi jiskaske yo ofri yo yon kontra lokasyon.**

### **Etap 1a: Aplike nan Pwogram Lojman an**

*jiska 29 septanm 2021 a 2è PM*

### **Etap 1b: Lotri a**

*19 okt 2021*

### **Etap 1c: Lis Atant Ak Rezilta Lotri a**

*Etabli sware lotri a*

### **Etap 2: Sètifikasyon Pwogram**

*Nan entèval 5 jou aprè li fin rezève yon inite, kandida a dwe soumèt tout dokiman obligatwa salè, aktif ak taks bay SEB Housing*

### **Etap 3: Se Biwo Lwaye la k ap Fè Seleksyon Apatman yo**

*Nan entèval 5 jou aprè Lèt Otorizasyon an*

**Tanpri gade paj ki annapre yo pou plis detay sou chak etap ke yo mansyone anvan an.**

# PWOSESIS ETAP-PA-ETAP AK KALANDRIYE

---

## Etap 1a: Aplikasyon Lotri

Peryòd Aplikasyon Lotri lotri a ap 30 jou apati dat Aplikasyon Lotri yo vin disponib (sa ki ap dat premye Sesyon Enfòmasyon an). Kandida yo dwe ranpli yon Aplikasyon Lotri epi mete tout moun ki pral abite nan apatman an. Dokimantasyon ki sipòte salè ak aktif (ak preferans Somerville, si sa aplikab) pa obligatwa ak Aplikasyon Lotri a, men y ap obligatwa annapre. Nou dwe resevwa Aplikasyon Lotri a pou pi ta 2è pm nan dat 29 sept. 2021. Si w voye materyèl yo pa apòs, ou dwe voye yo yon semèn avan dat limit la piske nou p ap aksepte aplikasyon ki rive apre dat limit la nan lotri a. Tanpri gade paj kouvèti Aplikasyon Lotri a pou kote w dwe livrez li ak adrès lapòs la. Tanpri sonje ke biwo SEB Housing pa ouvri ak piblik la akòz pwotokòl COVID yo, men bwat resepsyon yo ouvri 24 èdetan pa jou (jan nou note sa sou paj kouvèti aplikasyon lotri a). Yon fwa SEB te resevwa Aplikasyon Lotri a, yo pral verifye konfòmite inisyal pou lotri a. Fwaye ki pa genyen sibvansyon salè ki tonbe nan limit minimòm nan ak fwaye ki soumèt aplikasyon ki endike ke yo pi wo pase limit salè maksimòm nan p ap patisipe nan lotri a. **Patisipasyon nan lotri a pa garanti apwobasyon sètifikasyon salè (gade pwochen etap yo).** Yon fwa yo fin resevwa Aplikasyon Lotri a epi SEB Housing fin detèmine fwaye ki kalifye pou lotri a, kandida a pral resevwa yon Nimewo Aplikasyon ki sèlman endike lòd klasman yo te resevwa aplikasyon yo a. Objektif Nimewo Aplikasyon an se sèlman pou kenbe non tout fwaye anonim nan moman y ap fè tiraj Nimewo Aplikasyon yo.

## Etap 1b: Lotri a

Y ap òganize lotri a nan dat 19 okt. 2021. Fwaye yo pa bezwen patisipe nan lotri a pou yo rete kalifye. Y ap voye rezilta yo bay tout fwaye yo nan entèval 7 jou apre Lotri a.

Yo fè lotri a pou deside sou pozisyon chak kandida sou chak Lis Atant pou chak tip apatman. Pral genyen plizyè tiraj pou chak Lis Datant ki baze sou priyorite preferans yo pou apatman sa yo jan sa montre annapre a: (1<sup>ye</sup> priyorite) fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Administrasyon Lojman Somerville, (2<sup>yèm</sup> priyorite) fwaye ki aktyèlman viv oswa travay a plen tan nan Somerville, (3<sup>yèm</sup> priyorite) tout lòt fwaye yo.

Fwaye moun Andikape (Fwaye ki gen bezwen yon apatman Aksesib pou Andikape) ap genyen priyorite pou apatman DA. **Priyorite preferans pou apatman ki Aksesib pou Andikape** se (1<sup>ye</sup> priyorite) fwaye ki bezwen apatman ki genyen karakteristik aksesib pou andikape ki aktyèlman sou Lis Atant Administrasyon Lojman Somerville la, (2<sup>yèm</sup> priyorite) fwaye ki bezwen apatman ki aksesib pou andikape k ap viv oswa travay a tan plen nan Somerville (3<sup>yèm</sup> priyorite) fwaye ki bezwen yon apatman ki aksesib pou andikape.

## Etap 1c: Lis Atant Ak Rezilta Lotri A

Nan entèval yon semèn Lotri a, SEB Housing pral enfòme tout kandida lotri yo pa imèl oswa pa lapòs (si yo p at bay imèl) sou rezilta yo. Lis Datant yo pral etabli ak tiraj diferan dapre jan sa montre annapre a:

### Lis Datant yo

#### Lis Atant pou De apatman Estidyo 50% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>re</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou kondò apatman estidyo 50% AMI

#### Lis Atant pou Uit apatman 1Chanm 50% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>re</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 1Chanm 50% AMI

#### Lis Atant pou Twa apatman 2Chanm 50% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>re</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 2Chanm 50% AMI

#### Lis Atant pou Yon apatman 4Chanm 50% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>em</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 3Chanm 50% AMI

#### Lis Atant pou De apatman Estidyo 80% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>re</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou kondò apatman estidyo 80% AMI

#### Lis Atant pou Sèt apatman 1Chanm 80% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>re</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 1Chanm 80% AMI

#### Lis Atant pou Kat apatman 2Chanm 80% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>re</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 2Chanm 80% AMI

#### Lis Atant pou Yon apatman 3Chanm 80% AMI

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant Seksyon 8 sou baz pwojè SHA ak/oswa Lis Atant Seksyon 8 Santralize

2<sup>re</sup> Tiraj: fwaye k ap viv aktyèlman oswa k ap travay a tan plen nan Somerville

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 3Chanm 80% AMI

### Lis Atant Aksesibilite pou Andikape (DA) ak Moun ki Soud (Hearing-Impaired, HI)\*

*\*Tout apatman sa yo genyen TOU DE fonksyon espesyal sa yo. Si pèsonn pa bezwen yon apatman Aksesib pou Andikape oswa Moun ki Soud, li prale jwenn pwochen moun ki pi wo sou lis atant pou kalite apatman sa a.*

#### Lis Atant pou yon apatman estidyo Aksesib pou Andikape ak Moun ki Soud 50% AM

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant SHA oswa Seksyon 8 Santralize ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

2<sup>em</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman ap viv oswa travay a tan plen nan Somerville ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 2Chanm 50% AMI ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

#### Lis Atant pou yon apatman 1Chanm Aksesib pou Andikape ak Moun ki Soud 50% AM

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant SHA oswa Seksyon 8 Santralize ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

2<sup>em</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman ap viv oswa travay a tan plen nan Somerville ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 1Chanm 80% AMI ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

#### Lis Atant pou yon apatman 2Chanm Aksesib pou Andikape ak Moun ki Soud 80% AM

1<sup>re</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman sou Lis Atant SHA oswa Seksyon 8 Santralize ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

2<sup>em</sup> Tiraj: fwaye ki aktyèlman ap viv oswa travay a tan plen nan Somerville ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

3<sup>em</sup> Tiraj: tout lòt fwaye ki te aplike pou apatman 1Chanm 80% AMI ki bezwen fonksyon espesyal apatman an

## Etap 2: Sètifikasyon Pwogram

Aprè lotri a, SEB Housing pral kontakte plis fwaye ke sa posib sou chak Lis Atant ofiramezi apatman yo ap disponib pou envite yo ranpli Sètifikasyon Pwogram nan (1<sup>ye</sup> demann). Sètifikasyon Pwogram nan pral souliye tout dokiman sou salè, aktif ak taks ki dwe nan dosye kandida a pou yon Sètifikasyon Pwogram konplè. Tout fwaye yon envite ranpli Sètifikasyon Pwogram nan pral genyen 5 jou apati dat notifikasyon pou ranpli Aplikasyon Sètifikasyon an ak soumèt bay SEB Housing ansanm ak tout lòt dokiman obligatwa. Yon fwa SEB Housing fin revize dokiman sa yo epi jije salè ak aktif fwaye a kalifye, SEB Housing pral bay kandida a yon Lèt Otorizasyon epi kandida a pral avanse nan pwochen etap la (ranpli yon Aplikasyon Lwaye ak Biwo lwaye la)! Y ap kopye Divizyon Lojman Vil la nan avi sa a epi SEB Housing pral voye tou yon Aplikasyon Sètifikasyon ansanm ak tout dokiman sipò yo bay Divizyon Lojman Vil la. *Sonje tou ke SEB Housing gendwa kontakte jiska 4 fwa plis fwaye parapò ak apatman disponib pou mande fwaye yo pou bay preferans/verifikasyon priyorite dokiman anvan Sètifikasyon Pwogram nan.*

**Fwaye ki echwe nan soumèt tout dokiman sipò nan premye soumisyon Sètifikasyon Pwogram nan ap resevwa yon Avi Enkonplè (1<sup>ye</sup> Avi Enkonplè) ki pral souliye tout dokimantasyon ki manke, sou baz enfòmasyon ke yo te resevwa rive nan moman sa a. Fwaye a pral genyen 5 jou apati 1<sup>ye</sup> Avi Enkonplè pou soumèt tout dokiman yo. Si genyen dokiman nesèsè ki manke toujou, SEB Housing pral voye yon 2<sup>yèm</sup> Avi Enkonplè bay fwaye a. Fwaye a pral genyen 5 jou an plis apati notifikasyon sa a pou soumèt dokiman. Si genyen dokiman nesèsè ki manke toujou, SEB Housing pral voye yon 3<sup>yèm</sup> ak Avi Enkonplè final bay fwaye a. Si fwaye a pa kapab bay dokiman yo mande yo aprè 3<sup>yèm</sup> ak Avi Enkonplè Final la, SEB Housing pral soti yon lèt diskalifikasyon bay fwaye a epi pwosesis revizyon ak sètifikasyon an pral anile epi tout pozisyon sou Lis Atant fwaye a genyen pral anile. Anplis, tout fwaye yo jwenn ki genyen twòp salè oswa twòp aktif oswa ki pa kalifye a nenpòt ki moman nan pwosesis la pral pèdi pozisyon yo sou Lis Atant lan tou.**

Si yon fwaye swete konteste nenpòt desizyon SEB Housing pran parapò ak sètifikasyon yo nan moman sa a, yo dwe soumèt yon kontestasyon alekri bay SEB Housing nan entèval sèt (7) jou dat SEB Housing te voye dat detèminasyon Diskalifikasyon bay fwaye a. Sa a se yon dat limit parapò ak dat yo resevwa l la, e non pa dat ki sou li a. Nan kontestasyon ekri a, fwaye a dwe idantifye tèm espesifik yo (pa egzanp, enklizyon sous salè ke yo pa resevwa ankò oswa sipozisyon ki te fèt nan kalkil yo) sou detèminasyon an ke li konteste a. Tout reklamasyon yo dwe gen sipò dokiman valab. Si yon fwaye bezwen plis tan pou idantifye tèm espesifik sou detèminasyon an ke l ap konteste oswa pou li bay dokiman ki nesèsè anrapò ak kontestasyon an, fwaye a dwe idantifye bon rezon tan anplis la, epi li dwe kanmenm voye yon avi entansyon pou soumèt kontestasyon ekri a nan entèval yon semèn apre li fin resevwa detèminasyon diskalifikasyon an.

Notifikasyon refi akòz salè pral mete Divizyon Lojman an kopi epi enplike resous ki gendwa bay sipò nan yon kontestasyon tankou:

Sèvis Legal Cambridge/ Somerville: 60 Gore Street, Suite 203, Cambridge, MA (617) 603-2700

Biwo Estabilite Lojman Somerville (Office of Housing Stability, OHS) Direktè Ellen Shachter  
50 Evergreen Ave., 1<sup>ye</sup> Etaj, Somerville, MA 02145 / 617-625-6600 Ekst. 2580

Ajans Somerville Aksyon Kominotè: 66-70 Union Sq., Suite 104, Somerville, MA 02143  
617-623-7370 / info@caasomerville.org / <https://www.caasomerville.org/hap-application>

### **Etap 3: Revizyon Biwo Lwaye a**

Yon fwa SEB Housing fin pibliye Lèt Otorizasyon an, fwaye a pral genyen 5 jou pou ranpli Aplikasyon Lwaye ak Tablè Preferans Seleksyon Inite a ak Biwo Lwaye la. Si Biwo Lwaye an ap swiv pwotokòl COVID-19 yo nan moman epi vizit an pèsòn pa otorize akòz restriksyon ki gen rapò ak COVID-19, Biwo Lwaye an pral fè yon vizit vityèl ak Face-time, Zoom, oswa pandan l ap bay enfòmasyon vizit vityèl ak reyinyon sou sitwèb pwopriyete a.

Biwo Lwaye an pral revize Aplikasyon Lwaye yo lè yo fin ranpli. Sepandan, fwaye a dwe rete tann tout aplikasyon ki annatan pou fwaye ki antèt sou Lis Atant lan pou yo ranpli anvan Biwo Lwaye an fè yo koresponn ak pi gwo preferans apatman ki disponib pou yo sou baz pozisyon yo sou Lis Atant lan. Yon fwa korespondans lan fèt, Biwo Lwaye an pral enfòm fwaye a, e fwaye a pral genyen 5 jou pou rezève apatman yo ak Biwo Lwaye an. Yon fwa apatman an rezève, y ap etabli dat pou egzekite Kontra Lwaye a (nòmalmman kontra lwaye pran anviwon 30 jou pou li egzekite).

Fwaye ki echwe nan reponn envitasyon pou ranpli Aplikasyon Lwaye ak/oswa Tablè Preferans Seleksyon Ininite oswa Rezèvasyon Inite nan entèval dat limit la pral resevwa avi kalifikasyon (nan menm fason ak lè yo refize yon fwaye nan etap pi bonè nan pwosesis la, jan sa te di anvan an).

Revizyon Aplikasyon Lwaye a pral fèt menm jan ak revizyon ke yo fè pou kandida a nan mache apatman an, kote yo konsidere faktè tankou istorik Travay, nòt/rapò Kredi, istorik ansyen kontra lokasyon, Verifikasyon Referans ak ase salè. Si fwaye a genyen enkyetid pou li pase Tès Lwaye a nan etap sa a epi li gen kesyon sou Nòt Kredi, Istorik Lwaye, Referans Pwopriyete, CORI, Ekspilasyon elatriye, tanpri kontakte Greystar dirèkteman nan 617-718-5050 oswa [miscela@greystar.com](mailto:miscela@greystar.com) ). Tanpri sonje ke ni **kosinyatè ni avalizè pa otorize** puisque se moun ki pral viv nan apatman an sèlman ki ka siyen kontra lokasyon an. Fwaye ap sòti sou Lis Atant lan si Biwo Lwaye an jije ke yo pa kalifye pou yon kontra lokasyon sou baz Aplikasyon Lwaye yo, oswa si fwaye a echwe pou respekte dat limit pi devan pou rezèvasyon inite oswa siyati Kontra lokasyon an oswa si yon fwaye notifiye Biwo Lwaye an ke yo pa enterese lwe yon apatman ankò. Fwaye ki nan pozisyon pi ba sou Lis Atant lan dwe tann yo retire fwaye ki nan yon pozisyon pi wo pase yo avan pou yo jwenn opòtinite pou kòmanse etap nou mansyone anvan yo. Fwaye ki nan pozisyon pi ba pral genyen omwen 5 jou avi sou dat randevou yo si pral genyen yon apatman ki disponib pou yo.

Yon fwaye ki jwenn refi pou Aplikasyon Lwaye l lan pral resevwa yon lèt refi nan men Greystar k ap site rezon espesifik refi a. Lèt refi yo ap kopye anplwaye Divizyon Lojman an epi fwaye a pral genyen (5) jou ouvrab apati dat kote li te resevwa lèt la pou soumèt yon tantativ kontestasyon bay Greystar. Ou ka kontakte biwo ki annapre yo pou asistans pandan apèl la:

Sèvis Legal Cambridge/ Somerville 60 Gore Street, Suite 203, Cambridge, MA (617) 603-2700

Biwo Estabilite Lojman Somerville (Office of Housing Stability, OHS) Direktè Ellen Shachter  
50 Evergreen Ave., 1<sup>ye</sup> Etaj, Somerville, MA 02145 / 617-625-6600 Ekst. 2580

Ajans Somerville Aksyon Kominotè: 66-70 Union Sq., Suite 104, Somerville, MA 02143  
617-623-7370 / [info@caasomerville.org](mailto:info@caasomerville.org) / <https://www.caasomerville.org/hap-application>

## KALIFIKASYON PA ANE AK REVIZYON LWAYE

---

Anviwon 60-90 jou anvan renouvèlman kontra lwaye a, lokatè yo dwe soumèt dokiman ajou sou salè ak aktif bay Biwo lwaye an yon fason pou yo ka asire ke chak lokatè ki nan yon apatman sou baz restriksyon salè toujou anba direktiv maksimòm salè a. Lokatè a p ap ka renouvle kontra lwaye a si yo pa soumèt tout dokimantasyon obligatwa yo. Lokatè yo ta dwe kenbe dosye taks, souch chèk, relve bankè ak deklarasyon aktif pandan l ap viv nan yon apatman abòdab. Kenbe yon dosye rann revizyon pa ane sa a pi fasil.

**K: Konbyen tan mwen ka lwe apatman 50% AMI mwen an?**

R: Antanke **rezidan yon apatman 50% AMI**, yo konsidere w kalifye toutotan fwaye a genyen yon salè ki pa depase **140% ane aktyèl limit Salè 50% AMI a**.

*Si n ap Sèvi ak Limit Salè Aktyèl la kòm egzanp:*

| Gwosè Fwaye a | Limit Salè Aktyèl pou Fwaye (50% AMI) | Limit Salè pou Fwaye nan apatman ki fikse a 50% AMI (140%, 50% AMI) |
|---------------|---------------------------------------|---|
| 1             | 47 000 \$                             | 65 800 \$   |
| 2             | 53 700 \$                             | 75 180 \$   |
| 3             | 60 400 \$                             | 84 560 \$   |
| 4             | 67 100 \$                             | 93 940 \$   |
| 5             | 72 500 \$                             | 101 500 \$  |
| 6             | 77 850 \$                             | 108 990 \$  |
| 7             | 83 250 \$                             | 116 550 \$  |

**K: Konbyen tan mwen ka lwe apatman 80% AMI mwen an?**

R: Antanke **rezidan yon apatman 80% AMI**, yo konsidere w kalifye toutotan fwaye a genyen yon salè ki pa depase **140% ane aktyèl limit Salè 80% pou yon fwaye gwosè pa w la**.

*Si n ap Sèvi ak Limit Salè Aktyèl la kòm egzanp:*

| Gwosè Fwaye a | Limit Salè Aktyèl pou Fwaye (80% AMI) | Limit Salè pou Fwaye nan apatman ki fikse a 80% AMI (140%, 80% AMI) |
|---------------|---------------------------------------|---|
| 1             | 70 750 \$                             | 99 050 \$   |
| 2             | 80 850 \$                             | 113 190 \$  |
| 3             | 90 950 \$                             | 127 330 \$  |
| 4             | 101 050 \$                            | 141 470 \$  |
| 5             | 109 150 \$                            | 152 810 \$  |
| 6             | 117 250 \$                            | 164 150 \$  |
| 7             | 125 350 \$                            | 175 490 \$  |



**K: Kisa ki rive si mwen depase Limit Salè pou Lokatè Aktyèl nan Apatman 50% AMI mwen an?**

R: Si salè yon fwaye depase Limit Salè Aktyèl Lokatè yo nan moman renouvèlman an, y ap ogmante lwaye yo a apatman 80% AMI epi lokatè a gendwa chwazi rete nan apatman l lan, men l ap peye tarif lwaye 80% AMI epi y ap vin konsidere apatman an tankou yon apatman 80% AMI (epi pwochen apatman 80% AMI ki disponib lapral tounen yon apatman 50% AMI ak menm kantite chanm a kouche a).

**K: Kisa ki rive si mwen depase Limit Salè pou Lokatè Aktyèl nan Apatman 80% AMI mwen an?**

R: Si salè yon fwaye depase Limit Salè Aktyèl Lokatè nan 80% AMI yo nan moman renouvèlman an, y ap ogmante lwaye yo a a pri mache a epi lokatè a gendwa chwazi rete nan apatman l lan, men l ap peye tarif lwaye mache a epi yo p ap konsidere apatman an tankou yon apatman 80% AMI ankò (epi pwochen apatman pri mache a ki disponib la pral tounen yon apatman 80% AMI ak menm kantite chanm a kouche a.)

**K: Èske lwaye m ap ogmante chak ane, si wi, konbyen?**

R: Lwaye gendwa ogmante yon pousantaj kèk pwen chak ane, tou depann de Wo ak Ba HUD nan lokasyon kay ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) pibliye chak ane. Lwaye inisyalyal la baze sou lwaye 2021 HUD HOME. HUD mete lwaye yo ajou chak ane pandan ete a epi moun k ap atann resètifikasyon gendwa itilize montan lwaye 2022 HUD HOME, tou depann kalandriye resètifikasyon ak renouvèlman lwaye a.

## ENFÒMASYON INITE AKSESIB POU ANDIKAPE

| Tip     | Aksesibilite pou Andikape (DA) ak Moun ki Soud (Hearing-Impaired, HI)? | # Twalèt | Gwosè Apwoks. (ka gen chanjman) | Lwaye*   | Minimòm Gwosè Fwaye a | AMI | Limit Salè <u>Minimòm</u> |
|---------|--|----------|---------------------------------|----------|-----------------------|-----|---------------------------|
| Estidyo | Wi, tou de fonksyon yo   | 1        | 482 pye kare                    | 1 021 \$ | 1                     | 50% | 28 200 \$                 |
| 1BR     | Wi, tou de fonksyon yo   | 1        | 730 pye kare                    | 1 054 \$ | 1                     | 50% | 30 192 \$                 |
| 2BR     | Wi, tou de fonksyon yo   | 2        | 1 097 pye kare                  | 1 678 \$ | 2                     | 80% | 53 701 \$                 |

\* **Lokatè yo responsab pou peye tout montan lwaye a chak mwa. Lwaye yo fèt sou baz salè kandida yo** (amwenske yo genyen yon kupon Seksyon 8 oswa yon bagay similè). Lokatè yo responsab pou peye tout gaz, elektrisite, dlo ak egou yo. **Pa genyen espas paking nan lwaye a e chak espas paking disponib pou yon tarif redui \$75/mwa.** Lwaye a fikse pa an ak pwogram HUD HOME epi li gendwa chanje sou baz chak ane. **Lwaye varye selon bilding apatman an ladann nan (Wood Frame oswa Tower).**

| <b>Limit Salè Brit MAKSIMÒM Anyèl</b> |                                 |                              |
|---------------------------------------|---------------------------------|------------------------------|
| Kantite moun ki nan fwaye w           | Pou inite ke yo fikse a 50% AMI | Pou inite ki fikse a 80% AMI |
| 1                                     | 47 000 \$                       | 47 001\$-70 750\$            |
| 2                                     | 53 700 \$                       | 53 701\$-80 850\$            |
| 3                                     | 60 400 \$                       | 60 401\$-90 950\$            |
| 4                                     | 67 100 \$                       | 67 101\$-101 050\$           |
| 5                                     | 72 500 \$                       | 72 501\$-109 150\$           |
| 6                                     | 77 850 \$                       | 77 851\$-117 250\$           |
| 7                                     | 83 250 \$                       | 83 251\$-125 350\$           |
| 8                                     | 88 600 \$                       | 88 601\$-133 400\$           |

**\*\*Tanpri sonje 80% minimòm AMI ki parèt pi wo yo baze sou ekivalan gwosè yon fwaye ak kantite chanm a kouche nan apatman yo chwazi a. Si w genyen plis moun nan fwaye w parapò ak chanm a kouche nan apatman ke w te chwazi a(yo), tanpri gade tablo MAKSIMÒM Salè Brit Anyèl – salè minimòm pou 80% apatman AMI se 50% AMI maksimòm pou gwosè fwaye w la. Pa egzanp yon fwaye de moun kalifye pou yon 2Chanm 80% AMI gen yon limit salè \$60400. Egzijans salè minimòm nan egzonere pou fwaye ki genyen yon kupon lwaye.**

**K: Kiyès ki kalifye pou yon apatman aksesib pou andikape (DA)?**

**R:** Dapre Mass Access: *Rejis Aksè Lojman*, "apatman ki san baryè aksesib pou moun ki andikape k ap sèvi ak chèz woulan, men moun ki genyen andikap diferan gendwa sèvi ak yo tou. Pa egzanp yon moun ki kout anpil, yon moun ki genyen frakti nan sèvo oswa konfesyon serebral, gwo pwoblèm kadyak ak respiratwa, oswa yon moun ki genyen kapasite limite pou kanpe, mache oswa pou lonje men li, gendwa sèvi ak apatman ki aksesib apati chèz woulant." Yo gendwa egzije verifikasyon yon doktè oswa lòt pwofesyonèl medikal, yon gwoup sipò kamarad, yon ajans sèvis ki pa medikal, oswa yon òganizasyon ekstèn fyab ki nan yon pozisyon pou konnen andikap endividi a. Prèk resepsyon avantaj Asirans Andikap Sekirite Sosyal ka sifi tou.

**K: Kijan yo bay apatman ki Aksesib pou Andikape ak Moun Soud (HI)?**

R: Ou pral jwenn Lis Atant varye pou apatman fonksyon espesyal yo nan paj 13 epi gade jan yo bay priyorite yo. Fwaye ki alatèt nan Lis Atant lan ap resevwa premye opòtinite pou lwe yon apatman DA.

**K: Èske yon fwaye ki kalifye pou yon apatman DA oswa Moun Soud (HI) gendwa aplike tou pou apatman ki pa DA oswa HI?**

R: Wi. Tou depann de klasman yo nan Lotri a, yo gendwa jwenn opòtinite pou lwe yon apatman ki pa DA oswa HI avan yo gen opòtinite pou lwe yon apatman DA oswa HI, kote yo pral deside si yo dwe lwe yon apatman ki pa DA oswa HI oswa si y ap tann jiskaske yo rive nan tèt Lis Atant apatman DA oswa HI.

**K: Kisa k ap rive si genyen mwens kandida ki kalifye pou apatman aksesib pou andikape parapò ak apatman ki aksesib pou andikape nan moman Lotri a?**

R: Si pa genyen ase kandida ki kalifye sou Lis Atant pou apatman ki aksesib oswa pou moun soud yo, y ap rann apatman an disponib pou aplikan ki alatèt nan Lis Atant ki genyen menm gwosè men ki pa genyen fonksyon aksesib ak pou moun soud yo. Si finalman gen yon moun ki bezwen yon apatman epi genyen yon espas vid, fwaye a ka reloje pou akomode fwaye ki bezwen apatman aksesib la.

**K: Kiyès ki kalifye pou mande yon lojman rezonab?**

R: Moun ki andikape gen dwa mande yon akomodasyon rezonab sou baz règ, reglemantasyon, pratik, oswa sèvis, oswaw pou mande yon modifikasyon rezonab, lè akomodasyon oswa modifikasyon sa yo gendwa nesèsè pou ofri moun ki gen andikap yo yon opòtinite egal pou itilize ak jwi lojman an.

# DAT ENPÒTAN

Aplikasyon yo pral disponib nan fen premye Sesyon Enfòmasyon an.

- 30 out 2021:** Y ap fè premye Sesyon an sou YouTube at <https://youtu.be/Sf3lsNw16go> (oswa jis chache SEB Housing sou YouTube, l ap toujou disponib apre anrejistreman an dirèk la) epi ak Apèl Konferans: (425)436-6200 Kòd: 862627.
- 30 out 2021: **Aplikasyon yo pral disponib nan fen premye Sesyon Enfòmasyon an. Sesyon**
- 7 Sept 2021 : Y ap fè dezyèm Sesyon an sou YouTube at [https://youtu.be/KeE07gJyv\\_M](https://youtu.be/KeE07gJyv_M) (oswa jis chache SEB Housing sou YouTube, l ap toujou disponib apre anrejistreman an dirèk la) epi ak Apèl Konferans: (425)436-6200 Kòd: 862627.
- 29 Sept 2021 : **Dat Limit: aplikasyon yo dwe ranpli ak livrezon rive 2è pm nan dat 29 septanm 2021.** Aplikasyon ki enkonplè oswa ki soumèt an fragman p ap patisipe nan lotri a. Yo p ap aksepte aplikasyon ke yo voye nan lòt imèl oswa faks.
- 19 okt 2021: Y ap òganize lotri a sou entènèt (y ap voye lyen ak enfòmasyon bay fwaye ki aplike epi ki kalifye pou lotri a)
- 26 okt 2021: SEB Housing pral kontakte fwaye ki alatèt nan chak Lis Atant pou kòmanse Pwosesis Sètifikasyon Pwogram nan (Salè ak Aktif).
- Nov/Des 2021  
(Apwoks.): Fwaye ki Sètifye nan Pwogram nan pral ranpli Aplikasyon Lwaye yo. Fwaye ki apwouve nan dènye etap sa a pral rezève yon apatman ak siyen kontra lokasyon nan anviwon 30.

Pou Enfòmasyon sou Lotri ak Aplikasyon yo, oswa pou akomodasyon rezonab pou moun ki gen andikap, ale sou [Miscela@sebhousing.com](mailto:Miscela@sebhousing.com) oswa rele (617) 782-6900 (x1 answit x1) epi kite yon mesaj.